

# LEKÒL PIBLIK BOSTON



## BIWO "SUPERINTENDENT"

21 desanm 2009

Bonjou tout fanmi timoun lekòl "Boston Public Schools" yo,

Mwa pase a, nou te prezante bay Komite Lekòl yo (School Committee) yon plan senkan "Acceleration Agenda for Boston Public Schools (BPS)". Li rekonèt se yon chans pou nou ki gen pi bon lekòl pami pi bon yo, paran ki djanm, pwofesè ki remen travay yo ak elèv ki sou sa. Sepandan, akote siksè sa yo, nou dwe rekonèt tou gen twòp lekòl ki poko alawotè pou bay chak elèv edikasyon yo ap chèche a. Apre nou fin gade rezilta egzamen MCAS yo ansanm ak kèk lòt done, nou rive idantifye 14 lekòl ki mande atansyon espesyal dekwa pou rezilta yo ka amelyore. Lekòl pou refòm sa yo "turnaround schools" gen anpil pwoblèm, men pou yo rezoud pwoblèm yo, yo dwe chanje nètale fason yo konn travay. Lekòl sa yo pral resevwa plis resous ak entèvanasyon espesifik ki ka ede chak elèv jwenn sa li bezwen pou avansman li. Pou nou rive transfòmè lekòl sa yo, nou dwe asepte pran chans ak kèk apwòch tou nèf ki ka koresponn ak tètchaje sa yo enpi nou dwe pran angajman pou mete bezwen pitit nou yo anpremye. **Demach ki pi enpòtan nan ka sa a se pasaj lwa ki rele "Education Reform Act" ki devan Lachanm kounyeya pou resevwa vòt.**

Transfòmasyon lekòl yo, patikilyèman sa yo ki poko bay bon rannman yo, pa kab fèt san yon ekip pwofesè ki konnen sa yo ap fè, ki gen ladrès ak volonte pou amelyore fason timoun yo aprann. Lwa sa a pral ban nou otorite nesèsè pou nou rasanble ekip edikatè ki pi djanm nan koze enstriksyon dekwa pou nou ka ede timoun nou yo reyisi ak anpil siksè. Nan lekòl kote nou poko ka wè bonjan rezilta pozitif, nou dwe kapab fè chanjman ki nesèsè san nou pa bezwen pase nan yon pakèt demach rale-mennen-vini. Blokaj sa yo ralanti ijans nou ta dwe mete nan aksyon pou nou ofri edikasyon ekselan bay chak pitit nou yo. Anmenmtan n ap kontinye travay ansanm ak sendika pwofesè yo "Boston Teachers Union", nou dwe rekonèt tou gen kèk regleman nan kontra ki anvigè kounyeya ki mare men nou enpi ki anpeche nou chwazi pi bon pwofesè yo pou fè yo travay nan kondisyon ki ta ka pi bon nan enterè elèv nou yo.

Fanmi yo kontinye bay lekòl pilòt nan distri yo tout konfyans yo lè yo chwazi yo plis pase lòt yo. Lekòl sa yo gen plis men leve pou fè inovasyon anmenmtan yo toujou resevwa lajan BPS ak respekte tout regleman yo. **Majistra Menino vin ak yon pwopozisyon ki ta bay Komite Lekòl yo dwa pou li louvri lekòl prive sou kontra (charter "Horace Mann") kòm mwayen pou remanbre lekòl yo mennitou pou prezante lòt modèl inovatif.**

N ap viv yon moman enpòtan nan edikasyon piblik. Prezidan Obama mete preske \$5 bilyon nan yon pwogram sibvansyon pou sipòte kèk gouvènman Eta ki deside adopte inisyativ refòm serye pou chanje lekòl yo. Ofisyèl lokal yo ansanm ak otorite Eta a ap travay ak lidè kominotè yo pou wè si yo ta ka pote Massachusetts nan tèt lis la pou sibvansyon "Race To The Top". **Si yo rive siyen lwa "Education Reform" lan sa k ap mennen nou pi pre pou resevwa plis pase \$250 milyon nan kat lane k ap vini yo.** Pandan moman ekonomik difisil sa yo, yon lajan ki soti nan men gouvènman federal ka fè anpil diferans nan lekòl "Boston Public Schools (BPS)" yo ak lòt lekòl distri Massachusetts yo. Sepandan, *si lwa sa a pa ta pase, Massachusetts ap pèdi chans li pou li ta benefisye nan sibvansyon sa yo*, enpi lajan an pral jwenn lòt Eta yo ki pi pare enpi ki demontre volonte pou yo chanje fason yo travay la ak nouvo apwòch yo vle pran nan refòm edikasyon an.


Ou ap jwenn tache nan lèt sa a kèk enfòmasyon debaz sou pwojè lwa sa a nou panse ki fèt pou konnen. Sa nou vle se pou tout refòm k ap fèt konsantre sou timoun nou yo enpi asire siksè yo kounyeya e pou pita. Mèsi davans pou kolaborasyon ou nan efò sa a. Nou swete ou ak tout fanmi ou pou ou pase yon bèl sezon fèt enpi nou ankouraje ou pou ou mande pitit ou a fè ti lekti pandan vakans sa a. Nou remèsye ou ankò poutèt ou te chwazi lekòl PBS yo, nou ap kontinye travay ansanm pou ofri timoun nou yo yon edikasyon premye klas nan Lekòl Piblik Boston.

Ak onè respè,


Carol R. Johnson  
"Superintendent"



# Mete Timoun yo Anpremye Atravè Refòm Edikasyon



*“Pou nou jwenn rezilta n ap chèche a– nan tan nou vle a – nou dwe fè chanjman ak transfòmasyon ki ankouraje siksè elèv yo, ogmante kalite chwà paran yo enpi bay pwofesè yo plis opòtinite. Nou dwe bay edikatè nou yo mwayen pou inovè enpi mete an aksyon sa ki bon.” - Majistra Thomas M. Menino*



Manm Lachanm Massachusetts yo ap diskite pandan jou sa yo yon lwa sou refòm edikasyon ki ka vin amelyore toutbon lekòl ou jwenn nan tout “Commonwealth” la enpi ede timoun yo reyisi. Gen anpil pasyon ak volonte pou lwa a pase, men pase lwa a sèlman pap ase. Pou li ka nan avantaj timoun yo, paran yo ak edikatè yo tou ifo gen pwovizyon ki bay distri yo:

- mwayen pou yo chanje nètalkole lekòl ki anba nèt yo;
- opòtinite pou montre nou bezwen plis kòb nan men gouvènman federal la; enpi
- abilite pou nou mete ansanm bon pwofesè anfas bon opòtinite.

## **Vire lanvè landwat lekòl ki pi ba yo.**

Menmlè gen anpil bonjan lekòl toupatou nan “Commonwealth”, gen tou yon ti gwoup ki toujou rete anba ki pa ka pwogrese. Nan Boston, nou idantifye 14 lekòl ki nan kategori sa a. Gen estrateji edikasyon nou konnen ki ka travay pou jenn moun sa yo enpi ki ka amelyore lekòl yo. Jan lwa a ekri kounyeya, li mande pou distri yo ta angaje tèt yo nan yon diskisyon byen long anvan pou yo kòmanse mete estrateji yo anplas. Menm apre yo fin mete yo dakò sou sa ki pou fèt la, pa gen okenn garanti distri yo ap kapab fè chanjman sa yo. Lwa sou refòm edikasyon an dwe elimine tout pèdi tan nan efò ki ka chanje figi lekòl ki pi pa bon yo.

## **Antre nan konpetisyon pou sibvansyon federal.**

Massachusetts nan konpetisyon ak lòt Eta yo pou resevwa anpil san-milyon dola nan lajan federal la ki la pou ede edikasyon nan yon pwogram ki rele “Race to the Top”. Eta ki rive genyen sibvansyon sa yo pral resevwa lajan pou tout lekòl ki anba kontwòl yo, men lekòl ki pi mal yo dwe sèvi anpremye. Pou Massachusetts genyen li dwe montre li dispoze fè inovasyon. Inovasyon sa yo dwe fèt atravè kreyasyon yon seri nouvo lekòl prive sou kontra ki rele “Horace Mann charter schools”, ki opere tankou lekòl piblik leta men ki gen plis pouvwa pou tabli nouvo pwogram enpi yo gen plis obligasyon pou bay bon rezilta. Yo kapab tabli lekòl sa yo lè yo konvèti lekòl leta ki egziste deja an nouvo lekòl apre dizon Komite Lekòl yo, Alatè lekòl yo (Superintendent) enpi Prezidan Sendika pwofesè yo. Lekòl “Horace Mann” yo gen posibilite pou kreye inovasyon ak siksè, men se sèlman 7 lekòl “Horace Mann” ki te rive louvri pandan 15 lane ki sot pase yo, sèlman 2 nan Boston. Lwa refòm edikasyon an pèmèt kreyasyon san limit kantite lekòl “Horace Mann” ki nesèsè.

## **Matche bonjan pwofesè ak bonjan opòtinite.**

Massachusetts gen yon pakèt edikatè wololoy; sepandan gen kèk ekip edikatè ki pa rive mete tèt ansanm pou kreye mwayen ki ka ede lekòl ki pi pa bon yo. Pou kounyeya nou pa gen pouvwa pou distribiye anplwaye nou yo yon fason pou sèvi timoun yo pi byen. Nan 14 lekòl nou chwazi pou chanje totalman yo, nou pa pral revoke tout pwofesè yo je fèmen ap gen ladan yo ki ap rete genyen ki ap gen chans ale travay lòt kote nan distri a. Yo ap gen opòtinite tou pou yo patisipe nan resiklaj pou devlopman pwofesyonèl pandan yon lane dekwa pou amelyore ladrès yo tankou yon edikatè. Pou deplase oswa transfere yon pwofesè nan lekòl sa yo nou dwe pase yon pakèt tan nan demach enpi depanse lajan nou ta ka itilize pou amelyore konesans akademik timoun nan rapidman jan sa dwe fèt nan enterè li. Lwa refòm edikasyon an dwe ogmante otorite distri yo genyen pou voye bon pwofesè ale travay nan lekòl ki gen pwoblèm yo dekwa pou redui lakin pèsistan nou wè nan lekòl ki pi ba yo.

**Manm Lachanm yo ap diskite sou lwa a kounyeya. Yo vle tande vwa nou!**

Tanpi ale nan youn nan gwoup elèv, paran, lidè sivik ak biznis  
ki ap rele pou jwenn yon refòm edikasyon anfòm!

Telefon Reprèzantan ou nan Lachanm nan 617-722-2000 oswa vizite [www.racetothetopcoalition.org](http://www.racetothetopcoalition.org).